

# Reyinyon 6 nan Teren Kominote Higginson – Twazyèm Seri Revizyon sou Demand Pwopozisyon (Request For Proposal, RFP)

# Entèpretasyon ak Tradiksyon




"Spanish" – pou Espanyòl
"Haitian Creole" – pou Kreyòl Ayisyen
"Cape Verdean Creole" – pou Kreyòl Kapvèdyen
"English" – pou Anglè

Y ap afiche lyen ki gen dokiman yo tradui nan bwat dyalòg la.

# Konsèy pou Zoom

Men kèk konsèy pou moun k ap itilize pou premye fwa.

Touch kontwòl yo plase nan pati anba ekran an




Itilize tchat la pou ekri yon kòmantè oswa poze yon kesyon nenpòt lè. Manm BPDA yo ap anime konvèsasyon an.




Pou w ka leve men w, klike sou "Participants" [Patisipan] nan pati anba ekran w lan, aprè sa chwazi opsyon "Raise Hand" [Leve Men] an nan kazye patisipan an, oswa peze *9 sou telefòn ou an.




Mete sou silans/Retire sou silans – Y ap mete patisipan yo sou silans pandan prezantasyon an. Animatè a ap retire w sou silans pandan konvèsasyon an si ou leve men w, epi si se tou pa w pou w pale. Pou mete sou silans/retire sou silans, peze *6 nan telefòn ou an




Aktive/Dezaktive videyo ou

# Anrejistreman

- Sou demann manm kominote a, y ap anrejistre evènman sa a epi y ap pibliye l sou paj entènèt http://bit.ly/3Uypm92 pou sila yo ki pa ka asiste evènman sa an dirèk sou zoom nan pati Reyinyon nan Teren Kominote Higginson – Twazyèm Seri Revizyon sou Òf Travay.
- Epi tou, li posib pou patisipan yo anrejistre reyinyon an ak kamera telefòn yo oswa lòt aparèy.  Si w pa vle yo anrejistre w pandan reyinyon an, tanpri fèmen mikwo w ak kamera w.
- Si mikwo w ak kamera w fèmen, w ap toujou kapab patisipe nan fonksyonalite tchat la.

# Règ Itilizasyon Zoom

- Nou vle asire nou konvèsasyon sa a se yon eksperyans ki bay tout moun k ap patisipe yo lajwa.
  - Tanpri, rete sou silans jiskaske yo ba w pale. Si w ta renmen pale pandan moman sa a, tanpri itilize fonksyon "Raise Hand" [Leve Men] nan Zoom lan pou yon animatè BPDA ka retire patisipan yo sou silans.
  - Tanpri, respekte tan chak moun genyen.
  - Nou mande patisipan yo limite kesyon yo genyen yo pou lòt yo ka patisipe nan konvèsasyon an. Si w genyen plis kesyon, tanpri rete tann jiskaske lòt patisipan yo jwenn yon opòtinite pou yo poze kesyon.
  - Si nou pa kapab reponn keyson w yo pandan reyinyon sa a, tanpri mete yo nan Tchat la nan fen reyinyon an oswa voye yo nan imèl bay jonathan.short@boston.gov

# Sou ki sa n ap Konsantre Jodi a?

- **Prezantasyon pwojè Demand Pwopozisyon (Request For Proposal, RFP) sou liy pou nou suiv pou devlopman 157 Harrishof ki te prepare sou baz kòmantè nou te jwenn nan reyinyon kominotè nou te fè anvan sa.**
- Se yon bon okazyon ou jwenn pou w kontribye nan devlòpman espas sa yo.
- Nou vle konnen sa w panse epi nou vle asire n nou tande tout opinyon yo, epi yo jwe yon wòl nan redevlòpman espas sa yo.
- Pa gen OKENN MOVE LIDE. Tanpri, santi w alèz pou di sa w panse konsènan teren sa yo.




boston planning & development agency

# Ajanda

1. **Revizyon Sit 157 Harrishof Street**
   a) Prezantasyon Sit la
   b) Pensip Fondamantal pou Dispozisyon 157 Harrishof
   c) Pwojè Objektif Devlòpman & liy direktris pou konsepsyon
   d) Kritè Evalyasyon
   e) Konvèsasyon Kominotè
2. **Pwochen Etap**
3. **Prezantasyon lòt pwojè**
4. **FEN**

# 1.a)

## Prezatasyon Sit 157 Harrishof Street

# Prezatasyon Sit 157 Harrishof Street

- Dimansyon Teren: 4,292 Pye Kare
- Itilizasyon li pou kounye a Lib
- Teren an se yon ti mòn an pant ki gen pye bwa k ap byen grandi bò kote l.
- Kat istorik yo montre teren an vid depi 1931
- Teren an vin antoure ak yon pakèt kay tank ane ap pase. Jodi a, tout kay ki antoure teren an met ansanm okipe yon espas total 23,663 Pye Kare ki abite







boston planning & development agency

# 1.b)

## Pensip Fondamantal pou Dispozisyon 157 Harrishof

boston planning & development agency

# Sous Prensip Fondamantal pou Dispozisyon 20 Townsend

- ✓ Kòmantè Vwazinaj la, Lidè Katye yo ak Òganizasyon yo fè
- ✓ Reyinyon Kominotè konsènan Twa Teren Higginson
- ✓ Plan Prensipal Estratejik Roxbury
- ✓ Plan Renovasyon Vil Washington Pak




boston planning & development agency

# Plan Prensipal Estratejik Roxbury




boston planning & development agency

# Plan Renovasyon Vil Washington Park

- Yo te klase 157 Harrishof kòm Teren Renovasyon nan Vil la L-25 nan me 2005.
- Ti modifikasyon tou piti Plan Renovasyon Vil Washington Park pèmèt yo fè teren sa tounen kote pou moun rete ak tout paking



# Finalite ak objektif BPDA konpatib ak Plan Renovasyon Vil la ak Repatisyon Zòn nan

- Devlòpman yon katye rezidansyèl ki gen yon dansite tou piti
- Kreye **opòtinite pou gen aksè kay a Bon Pri** pou tout sektè nan Kominote Roxbury
- Kreye **pakin ki pa nan lari** pou rezidan k ap vin nan katye a.
- **Konsève gwo pyebwa yo** nan espas la epi konsève pi gwo kantite **espas vèt** ki ka konsève a
- Konsevwa epi planifye **nouvo lojman** epi entegre yo nan estrikti sosyal ak ekonomik katye a

# 1.c)

## Pwojè Objektif Devlòpman & liy direktris pou konsepsyon

# OBJEKTIF DEVLÒPMAN

## Lojman a Bon Pri

- Ofri aksè ak kay a bon pri

## Paking

- Devlòpmandwe gen yon paking anplis ki pa nan lari pou pwojè nou prezante a.
- Plas paking anplis yo ap ede nou nan yon zòn ki devlope anpil

## Espas Vèt

- Pwojè ki pwopoze a dwe vize pou l konsève pyebwa k ap devlope nan teren an.

boston planning & development agency

# Objektif Devlòpman Suit.

Kandida ti pwojè lojman k ap itilize finansman oswa tè Kominote a dwe pibliye yon anons nan yon jounal katye oswa yon jounal ki soti chak jou, epi li dwe enskri sou Metrolist.

Tout pwojè lojman ki itilize finansman Kominote a oswa tè Kominote a dwe respekte kondisyon Pwogram Piblisite y ap fè pou Kominote a

Biwo Lojman Majistra a (Mayor's Office of Housing, MOH) pral fè Komisyon Lojman Ekitab nan Boston an konnen pou l voye yon kopi lèt apwobasyon pwojè a bay Pwogram Piblisite a.

Sipò pou rezidan Lokal yo

boston planning & development agency

# Objektif Devlòpman Suit.

- **Devlòpman san Deplasman:** Pwopozisyon yo dwe dekri mezi yo pral pran pou evite deplasman rezidan ki ki deja rete nan katye Roxbury a. Nan kad pwopozisyon y ap soumèt la, kandida yo dwe genyen yon tèks ki dekri kijan pwopozisyon yo a ap sipòte objektif "devlòpman san deplasman." an nan kominote a.

boston planning & development agency

# Objektif Devlòpman Suit.

| | |
|---|---|
| Divèsite ak Entegrasyon<br><br>25% Evalyasyon | Kandida Òf Travay (Request For Proposal, RFP) yo dwe soumèt yon Plan Divèsite ak Entegrasyon ki montre nan ki nivo yo planifye pou entegre patisipasyon ekonomik, anplwa, ak wòl jesyon ki enpòtan epi ki gen gwo enpak pou moun nwa, fanm, ak Minorite/Fanm k ap dirije yon antrepriz kòmèsyal (Minority/Woman-Owned Business Enterprise, M/WBE) ki sètifye yo pastisipe nan devlòpman Pwopriyete a. |
| | Plan Divèsite, Egalite ak Entegrasyon an ta dwe reflete patisipasyon ak jesyon ekonomik moun nwa, fanmi ak Minorite/Fanm k ap dirije yon antrepriz kòmèsyal (Minority/Woman-Owned Business Enterprise, M/WBE) yo nan tout faz devlòpman an, men ki pa limite ak: Anvan-devlòpman, Konstriksyon, ak Operasyon k ap Kontinye |
| | Plan Divèsite ak Entegrasyon an ta dwe gen ladan l dispozisyon san fòse ki pi ba yo ki gen pou wè ak patisipasyon Minorite/Fanm k ap dirije yon antrepriz kòmèsyal (Minority/Woman-Owned Business Enterprise, M/WBE): Bay enfòmasyon sou Antrepriz Minorite/Fanm k ap dirije yon antrepriz kòmèsyal (Minority/Woman-Owned Business Enterprise, M/WBE) k ap patisipe yo, fason y ap gen pou yo patisipe nan chak faz epi nivo enplikasyon M/WBE angaje apati dat soumisyon pwojè a. |

boston planning & development agency

# Liy Direktris pou Konsepsyon: Konsepsyon pou Vil ak Achitektiral

- Valorize epi konplete karakteristik achitektiral katye a
  - Kenbe kontinuite konsepsyon fasad la ak mi batiman an pandan n ap kontribye nan amenajman peyizaj lari a ak domèn piblik la
    - Ekipman mekanik batiman yo, kontè dlo ak kouran, kote pou van pase, ekran yo ak kapichon yo dwe plase yon kote pou moun k ap pase pa wè yo.
  - Detay achitektiral yo (fenèt, pòt, fasad deyò a, travay mason an etc.) dwe atiran epi konpatib ak kay ak/oswa batiman ki gentan konstwi yo
  - Se materyo konstriksyon pi bon kalite yo dwe chwazi
    - Konstriksyon batiman yo, materyo yo ak sistèm Mekanik, Elektrik ak Plonbri (Mechanical, Electrical and Plumbing, MEP) dwe gen bon kalite epi respekte prensip konstriksyon dirab.

boston planning & development agency

# Modèl Referans Lojman

NEIGHBORHOOD HOMES INITIATIVE

**MT. BOWDON NHI #6**
**29 ROSSETER STREET**
**BOSTON, MA**





# Liy Direktris pou Konsepsyon: Amenajman Jaden la ak Pwoteksyon Py…

Amenajman jaden yo ak amelyorasyon sit la dwe genyen itilzasyon fimye pou plante ak semans nan espas ki pa gen beton yo. Yo ankouraje anpil pou moun plante nouvo pyebwa, ti plant ak lòt kalite plant. Yo dwe byen pran swen tout espas ki deyò yo.

- Itilize plant ki adapte ak rejyon an ak tout sezon ki mande yon ti kras oswa ki pa mande irigasyon, oswa fè irigasyon ak dlo lapli oswa dlo nou itilize nan kay la. Plante pyebwa ki ka fè chapito.
  - Espas pou jete fatra yo, espas oswa lòt stokaj yo ak poubèl yo ta dwe plase nan pati pa dèyè Pwopriyete a epi yo dwe bare yo yon fason apwopriye pou moun pa wè yo.
- Evite chanjman topografik enpòtan yo. Topografi jeneral sit la dwe fèt ak yon minimòm tè yo debleye ak ranblè. Yo entèdi debri yo, zòn ki pa gen beton epi ki pa amenaje.
  - Tip ak wotè kloti a dwe fèt epi chwa sou baz asparans lan, mentnans lan ak kote y ap mete l la.
  - Kandida yo chwazi a dwe repare epi/oswa ranplase, jan sa apwopriye am nenpòt domaj oswa modifikasyon nan twotwa ki deja la yo, dal sòl ki deyò yo, limyè, rasin pyebwa yo, ak pyebwa ki sou lari yo ki la aktyèlman yo epi sa ki rive pandan konstriksyon an.
- Kote pou moun pase yo ak twotwa yo dwe fèt yon fason pou moun ki gen andikap yo ka pase byen fasil epi yo dwe klere leswa san yo pa deranje kay ki toupre yo.
  - Tout kote nan fondasyon an ki gen beton ki parèt dwe gen yon ti jaden ki bare l.

boston planning & development agency

# Liy Direktris pou Konsepsyon: Devlopman Rezistan ak Konstriksyon Ekolojik




boston planning & development agency

# 1. d)

## Demand Pwopozisyon (Request For Proposal, RFP) Bouyon: Kritè Evalyasyon

boston planning & development agency

# 1. Kapasite pou Egzekite Pwojè jan yo pwopoze l la

- Kalifikasyon ak ekspreyans Ekip devlòpman an
- Fyabilite devlòpman an ak bidjè fonksyònman
- Kalandriye Devlòpman
- Plis antretyen dirab pou espas nan vil la ki pa konstwi avèk yon finansman pèmanan

# 2. Konsepsyon Eksepsyonèl, Pwogram Devlòpman ak kontribisyon pou pibik la

- Nan ki nivo pwopozisyon an reponn ak objektif devlòpman an?
- Nan ki nivo pwopozisyon an konsidere liy direktris ki gen rapò ak konsepsyon an?
- Èske pwopozisyon konsepsyon an gen gwo kalite, kreyativ, orijinal epi adapte ak anviwònman an?
- Kòman pwojè a kontribye pou piblik la?
- Ki avantaj pwopozisyon an ofri ak kominote a?

# 3. Resous Finansyè

- Èske pwopozisyon an gen yon plan finansman fyab?
- Èske pwopozisyon an bay prèv konfimasyon finansman an pou finanse bidjè devlòpman an?

# 4. Divèsite ak Plan Enklizyon

- Nan ki nivo plan divèsite a ak entegrasyon pwopozisyon an konplè, reyalis epi egzekitab?
- Èske li gen estrateji espesifik pou yon maksimòm moun nwa, fanm ak Minorite/Fanm k ap dirije yon antrepriz kòmèsyal (Minority/Woman-Owned Business Enterprise, M/WBEs) nan domèn sa yo?
    - Konstriksyon
    - Konsepsyon
    - Devlòpman
    - Finansman
    - Operasyon
    - Pwopriyetè

# 1.e)

## Konvèsasyon Kominotè

# Kòmantè ak Repons/Kesyon

- Tanpri, klike opsyon "leve men" an pou yo ka rele w OSWA mete keyson w lan nan seksyon kòmantè a.

- **Ki sa w panse sou pwojè Demand Pwopozisyon an?**

- **Nou vle konnen sa w panse ni bon kote ni move kote! Tout sa enpòtan**

- Y ap pwopoze w yon sondaj nan fen keysonè a.

# 2.

## Pwochen Etap yo

boston planning & development agency

# Posiblite pou moun reyaji

- Imèl: jonathan.short@boston.gov
- Ale sou http://bit.ly/3Uypm92 pou w telechaje prezantasyon an, telechaje RFP, epi kite yon kòmantè an liy.
- Peryòd kòmantè an ap fèmen nan dat 3 me.

# Aprè Moman Kòmantè a

- Òganize yon lòt reyinyon piblik si sa nesesè
- Soumèt Demann Piblisite a nan moman reyinyon konsèy administrasyon BPDA an me
- Pibliye Demand Pwopozisyon an (Request For Proposal, RFP) avèk yon dèle 3 mwa
- Prezantasyon Kandida yo nan kominote a
- Seleksyon ak Dezinyasyon Pwovizwa

# 3.

## Prezantasyon lòt pwojè

boston planning & development agency

# Miajou lòt pwojè

- Estati
  - Analiz
    - 7-9 Westminster Terrace – Devlòpman Rezidansyèl
      - Resepsyon yon Pwopozisyon - Reyinyon Kominotè an jen 2023
    - 44 Maple – Espas ouvè/Jaden Kominotè
      - Resepsyon yon Pwopozisyon - Reyinyon Kominotè an jen 2023

# FIN

*Imèl: jonathan.short@boston.gov*



Peryòd kòmantè a ap fèmen nan dat 3 me.